

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Wabah Covid-19 mangrupa pandemi global nu kasebar ka sakabéh nagara. Ku ayana ieu sasalad tangtuna mangaruhan ka sababaraha séktor saperti ékonomi, sosial, bisnis, pariwisata, ogé pendidikan. Pikeun nungkulan sababaraha dampak anu dibalukarkeun ku ayana covid-19, sababaraha nagara ngalaksanakeun *pembelajaran jarak jauh* (PJJ) pon kitu deui di nagara Indonésia.

Tujuan nagara Indonésia ngalaksanakeun PJJ nyaéta pikeun nyingkahan siswa-siswi tina sasalad Covid-19 (Winaya, 2020, kc. 215). Sistem pangajaran jarak jauh tangtuna ngarubah paradigma pendidikan di Indonésia. Salian ngarubah paradigma pendidikan di Indonésia, ayana sasalad Covid-19 ogé mangaruhan karakter peserta didik. Fungsi utama sakola minangka tempat pikeun ngawangun karakter peserta didik jadi ngurangan lantaran pangajaran teu dilakukeun di sakolah. Ayana sasalad Covid-19 ogé ngabalukarkeun para siswa teu wawuh ka babaturan sakelas nu antukna peserta didik ngabogaan sipat anu individualis. Pangajaran jarak jauh ogé meredih sangkan tingkat literasi leuwih dironjatkeun deui. Ieu luyu jeung kaparigelan di abad ka-21.

Pangajaran di abad 21 miboga tujuan sangkan siswa bisa ngawasa kaparigelan di abad ka-21 (Sugiyarti, 2018, kc 44). Di abad ka-21 siswa diperedih sangkan ngahontal sababaraha tujuan nyaéta bisa matotoskeun hiji pasualan, mikir kritis, kamampuh komunikasi jeung gawé bareng, nyiptakeun hiji barang, literasi téknologi informasi jeung komunikasi, kamampuh diajar kontéktual, jeung kamampuh informasi sarta literasi média (BNSP 2010, kc. 44). Tina sababaraha kaparigelan di luhur, katitén literasi jadi salasahiji kaparigelan nu kudu dikawasa di abad ka-21.

Nurutkeun Hubble (2016, kc. 13) literasi ngawengku sababaraha aspék di antarana nyaéta kaparigelan basa, ngitung, maca gambar, kamampuh téhnologi jeung komunikasi, maham, nepikeun, sarta nyangking pangaweruh boh

pangaweruh nu sipatna kompléks boh pangaweruh nu sipatna rumit. Salasahiji impleméntasi kagiatan literasi di sakola nyaéta ngaliwatan kagiatan maca.

Maca mangrupa kagiatan pikeun maham ma'na jeung nyangking ma'na tina bahan tinulis (Finochiaro jeung Banomo dina Tarigan, 2015, kc. 9). Ku kituna ésénsi tina kagiatan maca nya éta maham kana eusi bacaan. Maca ogé mangrupa prosés ngawangun ma'na tina téks, ku kituna dina pangajaran maca kudu didasaran ku téori skémata (Rahim dina Abidin, 2016, kc. 18).

Dua aspék penting dina kaparigelan maca nyaéta maca mékanik jeung maca pamahaman (Broughton dina Tarigan, 2015, kc. 12). Maca pamahaman mangrupa prosés nu dilakukeun pamaca pikeun nyangking informasi, amanat, jeung ma'na nu aya dina hiji bacaan. Sakurang-kurangna dina kagiatan maca ngalibetkeun dua kaparigelan dasar maca nyaéta kaparigelan visual jeung kaparigelan kognitif. Kaparigelan visual mangrupa kaparigelan dina ngalenyepan harti tina lambang-lambang tinulis. Sedengkeun kaparigelan kognitif mangrupa kaparigelan dina ngahartikeun informasi jeung amanat nu aya dina jero téks. Éta dua kaparigelan silih pangaruhan dina kagiatan maca pamahaman. Maca pamahaman dimuat dina Kurikulum Tingkat Daérah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMP/MTS salasahijina ngaliwatan pangajaran carita pondok.

Carita pondok nyaéta karangan fiksi dina wangun tinulis anu sipatna rékaan anu galur caritana rélatif basajan (Isnendes, 2010, kc. 29). Jumlah kajadian dina carita pondok henteu réa, museur kana hiji kajadian, palakuna ogé ukur dua nepi ka tilu urang. Kamampuh maca carita pondok kudu ditingkatkeun deui lantaran maham kana eusia carita pondok bisa ngalatih jeung ningkatkeun daya nalar, imajinasi, rasa peka kana lingkungan, jeung budayana. Nurutkeun Husniah & Arifin (dina Rudy, I, R, Spk., 2011) salian pangajaran agama, salasahiji mata pelajaran nu ngajarkeun budi pekerti nyaéta sastra. Maca sastra hartina wanoh kana sababaraha karakter nu mangrupa réfléksi tina réalitas kahirupan. Ku kituna, nu maca bisa paham motif nu dilakukeun ku unggal karakter boh karakter protagonis boh karakter antagonis, antukna pamaca bisa maham nu jadi kasang tukang unggal individu ngalikeun peranna.

Dumasar kana Kurikulum Tingkat Daérah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMP/MTS dina KD dina matéi carita pondok disebutkeun yén kaparigelan nu kudu dihontal nyaéta dina Kopeténsi Dasar 3.7 *Memahami dan mengidentifikasi struktur, unsur, dan aspek kebahasaan carita pondok*.

Dumasar rumusan Kompeténsi Dasar di luhur, siswa kudu miboga kamampuh pikeun maham jeung ngaidéntifikasi struktur, unsur, jeung aspék kabahasaan nu aya dina carita pondok. Struktur nu aya dina carita pondok ngawengku narasi jeung dialog. Unsur nu aya dina carita pondok ngawengku téma, plot, watek, konflik, latar (*setting*), puseur carita (*point of view*), jeung amanat. Rumusan KD di luhur ogé jadi dadasar penting kaparigelan maca dipimilik ku unggal siswa.

Dina enas-enansna, réa peserta didik nu teu kairut kana pangajaran maca balukarna siswa teu bisa ngahontal kaparigelan maca. Aya sababaraha hal anu ngabalukarkeunnana di antarana nyaéta teu bisa maca téks dina basa Sunda, pangajaran anu teu aya dina Ujian Nasional (UN), jeung basa Sunda teu digunakeun dina kahirupan sapopoé nepi ka sakola nu leuwih luhur (Widyastuti, Awaliah, & Santosa. 2017. Kc. 92). Lian ti éta siswa ngarasa maca ngan saukur nyumponan tugas ti guruna, paragraf anu panjang teuing, dina unggal pangajaran maca siswa dititah eureun dina unggal paragraf pikeun ngajelaskeun sarta diskusi ngeunaan pamahaman siswa. Ku kituna siswa teu nyangking gurat badag, alur, sarta informasina (Setiawan dina Agistiasari, 2015 kc. 4). Balukarna siswa teu bisa nuturkeun prosés maham eusi bacaan sacara daria, siswa teu paham kana eusi bacaan, jeung guru teu bisa ngawangun suasana diajar anu kréatif.

Héngkérna kamampuh maca siswa ogé dibuktikeun ku hasil *The Programme for International Student Assessment* (PISA) taun 2018. Dumasar ieu panalungtikan, katégori kamampuh maca nagara Indonésia aya dina urutan ka-74 tina 78 nagara. Ieu posisi kawilang handap lamun dibandingkeun jeung nagara Thailand nu aya di urutan ka-58, Malaysia di urutan ka-48, sarta Singapura di urutan ka-2. Kitu deui dina kamampuh Matématika, Indonésia aya di urutan ka-73, Thailand di urutan ka-58, Malaysia di urutan ka-48, sarta Singapura di urutan ka-2.

Sedengkeun Kamampuh Sains nagara Indonésia aya di urutan ka-74, Thailand di urutan ka-54, Malaysia di urutan ka-49, sarta Singapura di urutan ka-2 (Hewi & Shaleh, 2020, kc. 34).

Di Jawa Barat, héngkérna kamampuh maca di dibuktikeun ku hasil panalungtikan nu dilakukeun ku Hernawan spk., dina taun 2020. Dumasar ieu panalungtikan, tina 333 sakola nu dijadikeun sampel panalungtikan di Jawa Barat, 49 sakola nu katitén ayana parobahan préstasi akademik sacara signifikan. Tina 139 sakola, ngan sabagian peserta didik nu akademikna nngaronjat, tina 121 sakola karonjatan akademik ngan aya di sababaha siswa, sedengkeun di 24 sakola teu aya nu akademikna nu ngaronjat.

Dumasar hasil wawancara nu dilaksanakeun ka sababaraha siswa kelas VIII SMP Muhammadiyah, kamampuh siswa dina nyangking bacaan masih kawilang handap. Ieu hal disababkeun ku sababaraha faktor di antarana nyaéta kurang kréasina métode jeung modél pangajaran nu dilakukeun ku, siswa teu bisa maham kana eusi bacaan dina basa Sunda, antukna dina maham struktur, unsur, jeung aspék carita pondok ogé siswa ngarasa teu bisa. Salian ti éta, siswa teu percaya diri dina ngébréhkeun hasil bacaanana lantaran teu biasa ngagunakeun basa Sunda. Ieu hal luyu jeung pamadegan Sobarna (2007, kc. 14) nu nétélakeun di jaman kiwari, basa Sunda teu kaasup kana basa nu aman (*safe*), tapi kaasup kana basa nu keur mundur (*eroding*) atawa basa nu méh lapur (*stable but threatened*).

Tina pedaran di luhur, guru kudu miboga métode pangajaran nu aktif tur kréatif sangkan bisa ngamekarkeun kaparigelan siswa dina maca carita pondok. Métode pangajaran nu digunakeun ku guru tangtu mangaruhan kana suskés atawa henteuna kagiatan diajar-ngajar di kelas. Ku kituna kudu aya métode nu bisa nungkulan éta masalah salasihijina nyaéta métode *Extending Concepts Through Language Activities* anu satuluyna disebut métode ECOLA.

Métode *Extending Concepts Through Language Activities* mangrupa salasihiji kagiatan pangajaran nu bisa dilarapkeun dina pangajaran carita pondok. Métode pangajaran ECOLA mofokuskeun kagiatan dina ngawangun kamampuh alamiah maca jeung monitoring kana interprétasi bacaan (Smith-Burke dina Supriyana. Spk., 2019 kc. 420). Ieu luyu jeung pamadegan Abidin (2016 kc. 82) nu

nétélakeun métode ECOLA miboga tujuan sangkan siswa bisa ngaintegrasikeun opat aspék kaparigelan basa nu tujuanana pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngainterprétasi jeung ngamonitoring pamahamanana kana eusi bacaan. Ku kituna, puseur dina kagiatan pangajaran aya dina pangalaman-pangalaman diajar nu ngawengku maca dina tujuan nu tangtu, tanggapan tinulis, diskusi, jeung *self-monitoring*.

Dina métode ECOLA, siswa bisa leuwih aktif tur kréatif ngamekarkeun kaparigelan maca carita pondok. Ku kituna, ngaliwatan ieu métode dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh maca carita pondok kalawan hasil anu nyugemakeun.

Nurutkeun Evanirmala, sababaraha kaonjoyan métode ECOLA nyaéta: 1) siswa ngalaksanakeun kagiatan maca sacara individu pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca; 2) ngalatih siswa sangkan gawé bareng dina kelompok diskusi; 3) méré kasempetan ka peserta didik pikeun silih tukeur pikiran tina hasil mikir sacara individu nu didiskusikeun dina kelompok; 4) siswa bisa nyangking pangalaman diajar sacara mandiri ku cara maca jeung nulis; jeung 5) siswa nyangking pangalaman diajar ku cara silih tukeur hasil pamikiran (Supriyana spk., 2019 kc. 126).

Panalungtikan ngeunaan maca carita pondok kungsi dilakukeun saacaanna di antarana nya éta ku Anggi Maulana anu judulna “Métode *Dramatic Reading* dina Pangajaran Maca Carita Pondok (Panalungtikan Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2015/2016).

Salian ti éta, aya ogé panalungtikan ngeunaan métode ECOLA nu dilakukeun ku Erwin Hendri Laksana anu judulna “Pembelajaran Maca Pamahaman Basa Sunda Ngagunakeun Métode *Extending Concepts Through Language Activities* (Ecola)”. Sanajan geus réa nu nalungtik ngeunaan matéri pangajaran Carita Pondok, tapi ari pangajaran Carita Pondok ngagunakeun métode ECOLA mah can kungsi aya. Ngaliwatan ieu modél guru bisa ngontrol kamampuh siswa dina maham eusi bacaan.

Hal nu jadi sasaruuan nu baris ditalungtik nya éta métode pangajaran. Sedengkeun anu ngabédakeun nya éta matéri ajar jeung sumber data nu baris ditalungtik. Ku kituna dilaksanakeun panalungtikan anu dijudulan “Métode

Extending Concept Through Language Activities dina Pangajaran Maca Pamahaman Carita Pondok (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII SMP Muhammadiyah Taun Ajaran 2021/2022)”.

1.2 Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, hal anu ditalungtik téh hasil diajar siswa antara kelas ékspérimén jeung kelas kontrol saméméh jeung sabada di kelas nu ngagunakeun métode *Extending Concept Through Language Activities*. Aya sababaraha pasualan anu nyampak dina ieu panalungtikan, diantarana:

- a. héngkérna kamampuh maca pamahaman carita pondok;
- b. pentingna kamampuh maca pamahaman dipimilik ku unggal siswa;
- c. métode pangajaran di sakola kurang kréatif sarta teu ngalatih siswa sangkan aktif, ngabalukarkeun handapna motivasi diajar maca pamahaman Carita Pondok sarta mangaruhan kana kahontalna pangajaran anu dipiharep.

1.2.2 Watesan Masalah

Dumasar idéntifikasi masalah di luhur, ieu panalungtikan baris diwatesanan kana kumaha éféktivitas métode ECOLA dina pangajaran maca pamahaman carita pondok di kelas VIII seméster genap taun ajaran 2021/2022 di SMP Muhammadiyah 4 Margahayu.

1.2.3 Rumusan Masalah

Luyu jeung watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan baris dirumuskeun ku sababaraha kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha kamampuh maca pamahaman carita pondok saméméh jeung sabada di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA?
- b. Kumaha kamampuh maca pamahaman carita pondok saméméh jeung sabada di kelas nu teu ngagunakeun métode ECOLA?
- c. Naon waé aspék-aspék anu ngaronjat sabada dilarapkeun métode ECOLA?

Mayrena Rahmawati, 2022

MÉTODE ECOLA DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Taun Ajar 2021/2022)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- d. Naha aya béda anu signifikan antara kelas nu ngagunakeun jeung teu ngagunakeun métode ECOLA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan miboga tujuan. Sakumaha kasang tukang anu geus diébréhkeun, tujuanieu panalungtikan dibagi jadi mangpaat dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji éféktivitas métode pangajaran ECOLA dina pangajaran maca carita pondok di kelas VIII Taun Ajaran 2021/2022.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar tujuan husus di luhur, sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Kamampuh maca pamahaman carita pondok peserta didik saméméh jeung sabada di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA di kelas ékspérimén;
- b. Kamampuh maca pamahaman carita pondok saméméh jeung sabada di kelas nu teu ngagunakeun métode ECOLA; jeung
- c. Béda anu signifikan antara kelas anu ngagunakeun jeung teu ngagunakeun métode ECOLA.
- d. Aspék-aspék anu ngaronjat sabada dilarapkeun métode ECOLA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Unggal panalungtikan miboga mangpaat. Sakumaha kasang tukang anu geus diébréhkeun, mangpaat ieu panalungtikan dibagi jadi mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan métode pangajaran ECOLA dina pangajaran maca

pamahaman carita pondok. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan literatur métode pangajaran di sakola anu tujuanna pikeun ngaronjatkeun kaparigelan kamampuh maca pamahaman siswa.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat téoritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis, diantarana:

- a. Siswa bisa aktif dina kagiatan pangajaran sarta bisa nambahan élmu pangaweruh ogé ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman;
- b. Guru bisa ngagunakeun métode pangajaran ECOLA henteu saukur dina pangajaran maca carita pondok; jeung
- c. Ngeuyeuban élmu pangaweruh utamana keur panalungtik ngeunaan métode pangajaran ECOLA.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun ku lima bab. Bab I mangrupa bubuka nu eusina ngawengku judul panalungtikan, kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan umum panalungtikan, tujuan praktis panalungtikan, mangpaat umum panalungtikan, mangpaat teoritis panalungtikan, mangpaa praktis panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II nu ngawengku ulikan pustaka, raraga mikir, jeung hipotésis nu patali jeung panalungtikan.

Bab III mangrupa métode panalungtikan nu ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung téknik nganalisis data.

Bab IV mangrupa hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan anu ngawengku kamampuh maca carita pondok saméméh jeung sabada di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA, uji sipat data nu ngawengku uji normalitas, uji homogénitas, uji hipotésis, jeung pedaran hasil panalungtikan.

Bab V mangrupa kacindekan jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan tina analisis éféktivitas métode ECOLA

anu dilakukeun ku panulis salila panalungtikan. Sarta méré rékoméndasi pikeun panalungtikan salajengna.